



BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Métonde jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1. Métonde Panalungtikan

Métode mangrupa salasihiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Sacara gurat badag métode nu biasa digunakeun dina panalungtikan téh nyaéta métode historis, métode déskriptif, jeung métode éksperimental (Surakhmand, 1989: 29).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun makna implikasi. Tujuan panalungtikan déskriptif nyaéta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah anu tangtu (Suyatna, 2002: 14). Nu dimaksud panalungtikan kalawan téhnik déskriptif téh di antarana baé nyaéta panalungtikan anu ngajéntrékeun, nganalisa jeung masing-masingkeun panalungtikan kalawan téhnik survéy, téhnik interview, angkét, observasi, atawa téhnik tést (Surkhmand, 1989: 139).

Dina prak-prakanana, métode déskriptif lain ngan saukur ngumpulkeun jeung nyusun data, tapi ngawengku ogé nganalisa jeung interprétasi ngeunaan éta data. Panalungtikan mibanda pancén pikeun nyieun kacindekan tina data anu ditalungtikan.

3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik observasi (nitenan langsung) jeung interview (wawancara). Niténan dina hiji panalungtikan teu kawatesanan kana naon anu katempo (visual) wungkul, tapi ogé pangalaman anu katarima ku indera saperti dédéngéan, bau jeung rasa. (Danandjaja, 2002: 197). Téhnik observasi anu sifatna partisipan (panalungtik kalibet langsung dina kagiatan nu keur ditalungtik) jeung aya anu sifatna nonpartisipan (teu kalibet langsung dina kagiatanan nu keur ditalungtik). Kagiatan obsérvasi ieu téh lumangsung dumasar patokan-patokan anu tangtu luyu jeung tempat katut tujuan ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan obsérvasi anu dilakukeun gegedéna anu sifatna nonpartisipan.

Téhnik ngumpulkeun data ku cara interviu (wawancara), dilakukeun pikeun ngahasilkeun data anu sipatna “*emic*” (sawangan/pamanggih respondén), pikeun nganyahokeun kumaha éta réspodén téh nyawang kana kaayaan manéhna katut pasualan anu diajukeun ku panalungtik sorangan nepikeun/ngajukeun data nu sipatna “*etic*” (sawangan panalungtik), minangka bubuka sakaligus pikeun mancing sawangan atawa katerangan ti réspodén. Gorys Keraf (1979: 161) nétélakeun yén wawancara téh hiji cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan méré patalékan-patalékan sacara langsung ka masarakat atawa audién nu tangtu. Nu satuluyna mah tinggal panalungtik anu kudu ngolah, napsirkeun, nganalisis nurutkeun métode, téori téhnik jeung sawanganana sorangan. Dina prak-prakanna wawancara anu dilaksanakeun téh sipatna “bebas terpimpin” nyaéta wawancara kalawan patokan sacara gurat badagna wungkul, nu mangrupa

adumanis tina interviu “bebas” (*unguided interview*) jeung interviu “terpimpin” (*guided interview*), (Arikunto, 2002: 132).

3.2. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa bebeneran, téori atawa pamadegan, nu dijadikeun dasar pamiangan hiji panalungtikan, anu mangrupa cecekelan anu teu kudu dapasualkeun deui bener jeung salahna, tapi prinsipna kudu bisa ditarima ku saha baé kalawan teu diuji heula.

Sababaraha hal nu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan.

1. Sacara Lahiriah ritus atawa upacara téh miboga bentuk anu béda-béda.
2. Bedog wali miboga ajén falsafah anu luhung?
3. Tradisi atawa adat kabiasaan ngan saukur dilakukeun pikeun nuhunanan tali paranti nu geus aya tanpa dibarengan ku pangaweruh jeung mangpaat nu hayang ditepikeunna.

3.3. Instrumén Panalungtikan

Data anu geus dikumpulkeun téh mangrupa kecap-kecap, gambar, sarta lain mangrupa angka-angka atawa jumlah. Panalungtikan anu dilaksanakeun ieu téh mangrupa panalungtikan kualitatif, sabab métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif anu ngahasilkeun data-data mangrupa kecap-kecap tinulis atawa lisan jeung prilaku atawa paripolah anu bisa katitén.

Pedoman instrumén panalungtikan nu dipaké nyaéta:

1. Pedoman obsérvasi, nyaéta patokan anu dipaké pikeun niténan data nu aya di lapangan.
2. Pedoman wawancara, nyaéta téhnik nu dipaké pikeun nyangking informasi lisan.

3.4. Sumber Data jeung Sampel Panalungtikan

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh Désa di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan. Sumber data anu dimaksud nyaéta prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan. Tina éta sumber data ditangtukeun opat désa anu sacara géografis jadi tapel wates Kacamatan Cibingbin jeung puseur Kacamatan salaku sampel panalungtikan nyaéta Désa Cipondok, Désa Sukamaju, Désa Bantar Panjang jeung Désa Cibingbin.

Jadi, ieu panalungtikan téh ngagunakeun *purposive sample*. Hartina, sampel anu digunakeun nyaéta sampel anu ngarojong kana hasil panalungtikan.

3.5. Léngkah Garapan Panalungtikan

Nu dimaksud léngkah garapan panalungtikan ieu nyaéta gambaran lumangsungna kagiatan panalungtikan ti mimiti nepi ka réngséna. Sacara gurat badagna éta léngkah garapan téh bisa katitén saperti di handap ieu.

3.5.1. Tahap Tatahar

Tahap tatahar ieu mangrupa léngkah munggaran anu ngawengku kagiatan; (1) nangtukeun téma/konsép jeung judul panalungtikan; (2) nyusun proposal panalungtikan, minangka gambaran umum kagiatan nu baris dilaksanakeun; (3) seminar proposal, tujuanna mah pikeun maheutkeun téma/kosép nu diajukeun, sarta nangtukeun alus goréngna, bisa henteuna éta konsép téh dijieun hiji panalungtikan; jeung (4) nguruskeun surat ijin panalungtikan.

3.5.2. Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data dimimitian ku ngayakeun survéy saliwatan ngeunaan objék panalungtikan, sabada éta kakara kagiatan ngumpulkeun bahan/data ka sumber data (réspondén) dimimitian. Bahan nu patali jeung fokus panalungtikan téh satékah polah dikumpulkeun saloba-lobana, kujalan obsérvasi jeung wawancara.

3.5.3. Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data ieu mangrupa kagiatan nyusun, nganalisa jeung interpretasi ngeunaan data anu dikumpulkeun, nu lumansung ti mimiti kagiatan ngumpulkeun data dipigawé, nepi ka bener-bener dianggap maksimal boh kualitas boh kuantitasna, nu satuluyna disusun dijieun kacindekan ahir.

